



RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premii: 1 - 30 temboeng f 1.- Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0.50.

Advertentie limrah: f 0.15 saqaris: (apes: f 1.25).

Moendoet kapatjak tangkoeng saking sapisan, betawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

D. M. HARDJASOEWANDA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.



REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soera Katholiek:

1 taoen f 7.50 } ujoewoen kabajar }
1/2 " f 3.75 } roemijin.

Adrèspoer Redactie lan Administratie:

XAVERIUS-COLLEGE

MOENTILAN N.I.S.



Drukkerij „Canisius“ Djokja.

ISINIPOEN:

Akal toewin kapital - Petikan sesorahipoen tw. J. H. Drost - Film Indonesia - Téga tenan, pa pijé - Djarwa-warnaning pakem - Memelas - Dongèng - Ontjèn - Tinimbang mati ngantoe - Oerap-sari - Panoentoening laré - Correspondentie.



PRADJA RAHAJOE.

Akal toewin kapital.

Ing babagan ékonomi: ing poendi-poendi 1e. wonten tjang ingkang soegih akal, nanging boten gadah kapital. Tjang ingkang kados makaten poenika margi akalipoen waoe sanadjan ta kanti rekaos, saged madjeng ékonominipoen. Kanggé oepami: Tjina ingkang sadé katjang, wiwit njamboet jatra saroepejaha, poenika kanggé kilak katjang, ladjeng kasadé. Pepadjanipoen sabagéan kadamel nitjil samboetan, sabagéan kanggé kilak katjang malih, sarta sabagéan malih kateda. Jèn anggènipoen njamboet sampoen sah, noenten wonten ingkang dipoentjèlengi woedjoed arta lan sasadéanipoen ragi dipoenagengaken. Lami-lami saged dados tjepak. 2e. wonten ingkang boten gadah akal, nanging gadah kapital. Poenika katah oetoeipoen moendoer ing bab ékonomi. 3e. wonten ingkang tanpa akal, tanpa kapital. Poenika ékonominipoen rekaos. 4e. wonten ingkang soegih akal, soegih kapital. Poenika ékonominipoen tansah madjeng kémawon (jèn boten wonten alangan sanès).

Ratjak bangsa Djawi poenika ing bab ékonomi jèn katanding kalijan ratjakipoen bangsa Tjina lan Wlandi, akalipoen kirang. Déné kapital kados-poendi? Kapital poenika poenapa ta? Manoet staathuiskunde (Pèngèt: Katah sadèrèk ingkang mastani, bilih staathuiskunde oetawi ékonomi politik poenika ngrembag politik. Poenika klèntoe, awit temboeng „staat“ ing ngrikoe boten ateges „regeering“ nanging ateges „volk“. mBokmanawi saking kirang-ing temboeng déné kawroeh bab ékonomi ing ngrikoe dipoenwastani staathuiskunde. Ing basa Franshc oegi dipoenwastani „économie politique“. Nanging ing basa Duitsch namanipoen: Volkswirtschaftlehre). Manoet staathuiskunde kapital (Maatschappelijk kapitaal) poenika sapérangan radjarabénipoen tetjang sabangsa, angsal - angsalanipoen njamboet-damel, poenapa malih dipoenanggé malih kanggé pados kaja. Déné pérangan sanèsipoen: dipoenanggé njampeti kabetahan ing grija. Mila manoet huishoukdunde, siti (sabin) tanpa tetaneman, boten kagolong kapital. Wondéné kapital poenika warni kalih 1e. mandok (vast kapitaal), kadosta: grija pabrik, pirantos-pirantos lsp. 2e. mlampah (vlottend kapitaal) kadosta: sata ingkang dados sroetoe, gandoem dados roti lsp.

Tjang limrah oegi mérag kapital gadahanipoen dados kalih: mandok lan mlampah, nanging wonten bédanipoen kalijan kapitaling tjang sabangsa. Oepaminipoen: tjang ingkang damel locomotief, locomotief poenika toemrap pijambakipoen: kapital mlampah (vlottend), sareng toemrap tjang sabangsa: kapital mandok (vast).

Toewan pabrik poenika moerih sampoen kapitoenan, pamedalipoen ingkang sapérangan kanggé nambeli kapital ingkang mlampah, ingkang sapérangan kanggé nambal soelan poen kapital mandok. Déné tirahanipoen, poenika nama batèn, poenika ingkang dipoenteda lan dipoensandang lan dipoentjèlengi.

Sapoenika bangsa Djawi menggahing kapital kados-poendi? Ratjak boten gadah kapital. Sadèrèk tani poenika limrahipoen rëndèl samboetanipoen: dateng Tjina mindring,

dateng bank, dateng bangsanipoen pijambak ingkang soegih lsp.

Sadèrèk Djawi poenika anggènipoen sami bobrok ing bab ékonomi: langkoeng - langkoeng margi kirang akal. Angger gadah pamedal, boten dipoentjèlengi kanggé ngoepados kaja malih, nanging dipoenanggé sadaja, dipoenanggep bati sadaja, ladjeng kanggé toembas pit, gelang lsp. Poenika dèrèng dados poenapa manawi sadaja waoe mbajar kentjeng. Limrahipoen méndring. Laré bajar saminggoe tigang roepijah, poeroen méndring pit regi satoes kalih dasa. Ingkang sadé bati pinten persèn, mangga! mBok njèlengi roemijin!

Jèn bangsa Djawi badé madjeng ing sadajanipoen, kedah madjeng roemijin ing bab ékonomi, awit tanpa arta boten saged ngedegaken grija ingkang saé-saé, boten saged njinakaken anak lsp. Nomer satoenggal: kedah simpen arta woedjoed arta. Leres gadah pit lan mas inten poenapa poenika prasasat njèlengi, nanging tjang poenika kerep wonten apesipoen. Dadakan wonten ingkang sakit, dadakan dipoenpindah. Poenapa pit oetawi sengkang lsp. kasadé oetawi kagantosaken? Ngadat ladjeng njamboet jatra. Djenéh ora simpen doewit woedjoed doewit!

Para sadèrèk Katholiek mangga sami paring toelada: njimpen arta woedjoed arta! Kalibawang andremimis, njoewoen soepados lot 1000 katoembas sadaja. Mokal jèn kita sadèrèk Djawi Katholiek saged toembas sadaja, amargi katah ingkang garang nanging garing, garing tegesipoen: boten simpen arta woedjoed arta.

Sadèrèk Katholiek sami kagoengan idam-idaman: grédjané wong Djawa sing ngedegaké (sing nragadi) ija wong Djawa. Poenika pantjèn kasinggihan. Nanging mokal sagedipoen kelampahan, samangsa boten simpen arta woedjoed arta.

Ing nagari Wlandi oepami koela moebeng dateng grijanipoen tjang limrah-limrah (toekang mandé lsp.) ingkang Katholiek, ladjeng koela soekani lot, oepami sadaja sami nggadahi idam-idaman: grédjané wong Djawa sing ngedegaké koedoe wong Walanda, mangké boten soeah ngentos jèn sampoen bajaran, sakala ngrikoe djrèng tampi arta, djalaranipoen simpen arta woedjoed arta. Poen manah gampilan, artanipoen wonten.

Kawoeningana, jèn simpen arta woedjoed arta sampoen ngapoesi salira pijambak, awit wonten pakempalan njèlengi wonten postspaarbank. Para warga njèlengi sadaja, wonten ingkang f 100, f 200 wonten ingkang f 300, nanging kotjapa, ing grija njamboet jatra dateng Tjina.

Mila soegih akal poenika ing bab ékonomi nomer satoenggal. Akal, kados-poendi anggènipoen mrintji-mrintji pamedal: saméné takpangan lan taksandang, saméné takanggo nggendaki pawitankoe, saméné taksimpen kanggo jèn boetoe apa-apa (toemrap sadèrèk Katholiek: kanggo jèn boetoe apa-apa kajata jèn ana sing dremimis kaja Kalibawang, jèn kéné kana boetoe grédja lsp.) poen P. D.

KOEROE SÉTRA.

Petikan Sesorahipoen tw. T. H. Drost.

Kala Rebo sonten, tg. 22 Mei 1929, K. S. B. tjabang Solo nampi sesorahipoen toewan T. H. Drost Directeur Mulo ing Semarang; bab prakawis soeging saha piwoelangipoen St. Thomas van Aquino bab staathuiskunde. Warga K. W. oegi tampi soeroehan; ragi katah ingkang merlokaken dateng; warga K. S. B. malah namoeng sakedik. Rama pastoor Hoevenaers, Rama Oversteeg lan rama Broeder 2 oegi ngrawoehi lezing waoe.

Ing sakawit tw. T. H. Drost ngendikakaken; sinten St. Thomas van Aquino poenika, wonten ing poendi lan kados-poendi soegingipoen; ing

saladjengipoen ngendikakaken piwoelangipoen St. Thomas van Aquino bab staathuiskunde oetawi volkshuiskunde, ingkang gadah toedjoe nedya memajoe ajoening djagad.

Piwoelanging St. Thomas van Aquino waoe manoeet spreker kapérang dados 5 i. p.

a. Bab ngaosi kamanoengsan.

Amrih saéning toemindak, njoe-da bebaja tembé wingking, sadaja kedah toemindak ngèngeti kamanoengsan, ngaosi kamanoengsan; atindak tepa siira. Bab poenika wosipoen ngèmoetaken dateng tindaking kaoem kapitalisten, pangrengkoehipoen dateng arbeiders, sageda toemindak saé; prajogi ngèngeti lan ngaosi kamanoengsan, atindak tepa siira. Bajaraning arbeiders, pangrèh-ipoen pisan kedah ngèngeti bab poenika. Kapitalisten kedah ngèngeti kabetahaning arbeiders. Ta, rak ménginaken.

b. Algemeene broederschap. (Sa-doeloeran).

Poenika oegi gandèng lan a oegi; ngaosi kamanoengsan, malah langkoeng ngatholiek malih, panganggep kita dateng tjang sanès kedah kados badan kita pijambak, boten mawang, soegih, miskin, anèm, sepoeh; bangsa, pangkat l.s.p. tjekakipoen sira tresna pepadana, dikaja awakira déwé!!!! Jèn saged kalampahan makaten, temtoe boten... wonten pentelanganipoen socialist lan kapitalist l.s.p.

c. Aanvaarding van de wet der ongelijkheid (gelem nampa ananing béda-béda).

Sanadjan panganggep kita dateng sesami; kados dateng badan kita pijambak, éwasamanten boten ateges, jèn sadaja kedah sami hakipoen, alijas sama-rata-sama-rasa; babarpisan boten makaten; nanging ngakeni oegi wontenipoen ageng, alit; pangageng, rèh-rèhan; ratoe, kawoela, lan sanèsipoen. Ingkang ageng inggih kedah ngemong, boten koemloengkoeng, ngoemoekaken agengipoen, ingkang alit inggih kedah ngertos dateng alitipoen. Sadaja kedah ngèngeti, jèn ngaten poenika, kersaning Pangéran.

d. Onthechting van den aardsche goederen. (Boten kaloelot ing barang kadonjan).

Djer toedjoening gesang kita boten kapoerih nglempakaken banda kadonjan, nanging kapoerih soewita ing Pangéran, moerih saged begdja langgeng ing béndjijipoen. Poenika boten ateges, kita boten oesah mikir dateng kadonjan, lan oegi boten ateges jèn barang kadonjan poenika boten wonten goenanipoen; nanging sampoen kesangneten...; ngantos 't Hoofdfoel. (toedjoening gesang) kasoepèn. 't Hoofdfoel kedah tansah... Nanging 't Hoofdfoel ingkang katah-katah dipoenkawonaken; kawon lan kadonjan; malah kadonjan ladjeng dados 't Hoofdfoel; dahoroening djagad inggih oegi... ojok-ojokan kadonjan, nanging kok ora ojok-ojokan kaswargan.

e. Noodzakelijkheid van den arbeid. (Njamboet-gawé ikoe wadjib).

Poenapa perloe kita njamboet-damel? Kados boten kekilapan. Nanging boten kok namoeng kapoerih ngrembag kadonjan, economie, (homo economicus) nanging poenika waoe namoeng kanggé kabetahaning gesang badan wadag, voorbereiding-gesang karohanèn.

Margi poenika gesanging manoennga tjawang kalih, ngrembag economie lan ngrembag karohanèn (christianismus). Nanging poendi ingkang kedah karoemijnaken? Koela atoeri milih pijambak. Manoet pamedar-sabda, manoennga njamboet-damel... perloe kanggé ngisèni weteng, poenika oekoeman saking Pangéran. Katjoendoekna lan dosa asal!!!!!!

Doemoegi samanten, rembag-rembag ingkang pantes kita pèngeti. Rama Hoevenaers matoer sanget noewoen dateng pamedar-sabda.

Pandjenenganipoen medaraken renanging panggalih, déné spreker

Ngatoeri priksa:

I. Djoemoewah ngadjeng poenika, 21 Djoeni, Swara Tama mboten medal, amargi Redactie sa-comissinipoen sami liberoan.

II. Prijantoen ingkang sami paring pandjoeroeng karangan kasoewoen

- a) artikel kadamela ingkang mentes, ngrembag prakawis ingkang saweg dados rembag (actueel) oetawi ingkang saweg kabetahan ing wekdal samangké;
b) anggepok poenapa ingkang saestoe kelampah (feiten), ingkang pantes kasoewoenaken;
c) lan gajoetan kalijan b) pakabaran (plaatselijk nieuws) kadamela tjekak, kapendet wosipoen;
d) Rèhné Sw. T. serat kabar minggon, lan artikel pedot-pedot ratjak itjal nges lan grengsengipoen, pramila artikel-artikel sampoen kepandjangan; déné menawi prakawis dèrèng saged rampoeng ing artikel tjelak satoenggal, inggih kadamela karangan langkoeng saking satoenggal, soeraos saet-sinaoet.

nerangaken tradjang Katholiek: ingkang katah sanget goenanipoen. Lezing waoe kaanggep kados déné preek; preek kawedaraken déning leek terkadang langkoeng toemandjem tinimbang kapangandikakaken Pastoor. Poenapa inggih sababipoen?

Verslaggever. Adrianus.

Film Indonesia. (Hercules).

a. Wiwit Bambang Hercules djoemodoel, wanoeh lan Sw. Tm., sampoeng nagen jèn Hercules berhaloan zuiver Humoristisch. Wontenipoen namoeng mlèngèh namoeng goemoedjeng!! Anèh inggih?! Ha, ha, Hercules, minggah pangkatipoen, angsal temboeng Sir, dados Sir Hercules. Koepinging Herc. mireng slenting-slenting, Herc. dikritik ngowong, ana ing pers lija! Ing Darmakanda. Herc. oegi sok maos D.K., ning moek sok. Sang journalist „Lorenz ing Bm.“ (Criticus) oegi trijos jèn ngintoenaken copie waoe dateng Sw. Tm. Nanging Sw. Tm. koela entosi, kok... aloes kémawon; poenapa boten dateng? Para maos saged nggagapi pijambak. Mokal jèn boten doemoegi! Sèwoe mokal. Rèhning koela sanès andahan D.K., mila boten perloe jèn koela mangoeli ing D.K., D.K. lan Sw. Tm. haloan rak béda. Mengko gek, ora dipatjak ing Sw. Tm. noeli... ndarmakanda. Hercules, dipoen-moedak-moedakaken! (Werkelijk, Herc. is nog jong, jenger dan U). Sadjaké, prijantoen kok ngéjté; koran apa baé sing diwartja Hercules. (dagblad poenapa, weekblad poenapa ingkang ngabaraken poenika?). Pamoendoet priksa pandjenengan boten perloe koela wangsoeli, mriksanana film-ipoen Herc. kémawon! Bambang Hercules; déné baji wingi soré; boten kok angger moeni!! Ki-Raka; film-ipoen Herc. pandjenengan wastani pedes!! koela goemoedjeng èstoe! Pedesing filming Herc. dèrèng wonten 10% ning mengsah kita (toemrap kita). Prijantoen; mbok adja ngéjté-éjté nèh; é, é, é, é,!! Toblas! Poenapa tegesipoen, pangandika pandjenengan: poenapa pakabaran poenika boten uit den duim gezogen? \*) Ha, ha, kados-poendi kersa pandjenengan prijantoen? Ki-raka, kok roedjoek, bab jeugd-lan foelietiek ingkang ngrisakaken kaantepan!! Adoeh, koela koewatos, mangké poeta momongan pandjenengan diadani mlitiek! ingkang gampil nge salah kedadusanipoen. Lo, lo; inggih ding, inggih, ngéng-galaké kebaké Digoel. Poenapa pandjenengan renaja moeda-moeda kita... goel-goelan!! My daer friend; kados-poendi kersa pandjenengan? Koela ngertos jèn pandjenengan mila prijantoen actief! P.f., sampoeng kabranang; (Hercules is een goede kennis van U.) Mangga sami njamboet-damel sesarengan kanggé kabetahaning oemoem, kanggé bangsa lan tanah woetah-rah kita, iboe

\*) Gawéan déwé. Red.

Indonesia ingkang kita tresnani, mawi beginsel (dedasar) ingkang kita noet. Ki-raka, ageng loo tjalon gadjaran kita. Kapanggaliha! É, é, kesoepeñ ki-raka; Dr. A. Rivai, meling lan studenten Indonesia, sampoeng mikir poenapa - poenapa roemijin, kedjawi sinaoe. Dados sampoeng nginten babar pisan jèn sadèrèk Nationalisten roedjoek bab jeugdigen dolan foelietiek. Ki-Raka moendoet priksa „pandjenengan rak inggih Nationalist.“ Wangsoelan „inggih; indjih prijantoen,“ ning ana ningé, nganggo èmbèl-èmbèl Katholiek. Dag vriend!

b. De Koerier no 38 martosaken jèn tjang Katholiek Tjina kapareng ngoermati Dr. Sun Yat Sen, redder van China; djer Dr. Sun waoe Nationalist toelèn, sanès Communist oetawi Socialist. Pakabaran poenika ngagengaken manah koela; djer toedoehan-toedoehan ingkang mastani jèn kita anti nationalist, tentoe... Agami Katholiek, sanès anti nationalist. Katholicisme sanès mengsahing Nationalisme! Koela atoeri mriksani kémawon Agami Katholiek, agaming tjang sadjagad, saking bangsa mawarni-warni. Nationalist lan Nationalist, wonten 2 warni. Nationalist toelèn (loyaal Nationalist) lan ultra Nationalist, (nationalist langkah garis); ingkang tjara koela kaoem Humorist... boenglon. Ing artikel nginggil waoe oegi nerangaken, jèn standpunt Katholiek ngemohi sanget dateng haloan socialistis lan Communistic; djer poenika atradjang revolutionair, mangka kita kedah atradjang EVOLUTIONAIR, dados rak kosok-wangsoel bledjed ta prijantoen. Inggih ta? Katholicisme memitran lan loyale Nationalisme, nanging ndjering, kipa-kipa sanget, sanget ping sadjagad lan Socialist, Communist. Koela goemoen sanget déné tw. Middendorp, prijantoen B.B. berhaloan Socialistisch, nalika mahargja dinten ageng... 1 Mei kapengker wingi, wonten ing Tacatra ing vergadering I.S.D.P. (Indische Socialistische Democratische Partij) ngandika jèn tjang R.K. ing Duitschland lan Inggris katih ingkang mlebet ing Partij Socialist. Toewan, poenapa inggih? andak boten... uit de duim gezogen. (Pardon; term poenika samboetan saking ki-raka „L. ing Bm.“). Jèn Katholiek boenglon, mbokmanawi... ning inggih moeng mbokmanawi. Samanten roemijin.

c. Hem, kesangneten! Pers-pers ing Indonesia ramé sanget ngrembag bab tindaking padvinders ing Soerabaja, ingkang kasambat ing pengageng blinden-Instituut Bandoeng, madosaken arta, srana njadé pita oranje (jèn panjerat boten klintoe, wonten seratanipoen „Gedenk aan de blinden“) alantaran Dr. Soetama; saking Dr. Soetama, kadoemaken dateng padvinders, dèrèng èstoe kasadé, nanging wangsoel, margi boten poeroen njadé, margi... oranje; bandéra alit-alit waoe kawangsoelaken

dateng Dr. Soetama, teroes kawang-soelakan dateng Bandoeng.

Ah, hem, memelas. Sadèrèk, gedenk aan de blinden, poenika kanggé sinten? Rak kanggé bangsa Djawi, bangsa kita, bangsanipoen sadèrèk kita padvinders waoe. Andèk poena... saiba jèn kanggé...? Gegajoetan lan poenika, Sin Po moengel, „loemrah baé jèn Indonesische padvinders kaja mangkono tindaké.” De Banier, orgaan Protestant moengel, „ergerlijk”. Kita, saking Sw. Tm., ingkang adedasar leres lan adil, namoeng ngemot dridji, ... ah, hem... Saja goemoen malih jèn katjoendoekaken lan padvinderswet-ipoen. Ing padvinderswet N.I.P.V. wonten ingkang moengel: „Een P.V. moet trouw. (Padvinder koedoe toehoe). Toehoel Toehoe, katah liripoen. Toehoe lan agami, pengageng, staatsgezag. Wet poenika ing J.J. ingkang ladjeng éwah „Pandoe Kebangsaan” boten wonten wet ingkang moengel „een P.V. moet trouw” nanging wonten „Een P.V. is behulpzaam, en kent geen stands, godsdienst en groepsverschil.— Een P.V. is gehoorzaam. Gehoorzaam dateng sinten? Poenapa kok boten gehoorzaam dateng staatsgezag ingkang ngerèhaken. Poendi doenoenging gehoorzaam?— Een P.V. is rein van gedachten, woord en daad. Andak poenika, een rein daad, saodara?

Ah, hem samanten kwaliteitipoen. Hara, ambak-ambak koela moengel ngaten poenika, rak wonten ingkang ngandika ing salebeting wardaja, „nèk ngétjé bangsané déwé baé... wah; andèkna ngakoe „Nationalist”? Sakarsal!

Sadèrèk, pantjèn anèh djaman samangké, ing salebeting djaman anèh waoe prajogi sami noelad. Kadang kita, „weest trouw aan uwe beginsel.”

Djoeroe moeder film, kaparenga ngaso roemijin! Saluut!

#### Tèga tenan, pa pijé!

O, sadèrèk Indonesia, koela atoe ènget, ingkang radi djoedjoer ingi penggalih. Sampoen kesesa mboeroe barangipoen tjang sanès, jèn barang kita badé sirna. Tjetanipoen: Sadèrèk Indonesia koela wastani saweg memend kawroeh kilènan, barang-barang jèn saking kilèn goemebjar. Koela inggih ngoengoen sanget déné sadèrèk goeroe teka wonten ingkang ngroedjoeiki itjalipoen basa Djawi ing H. I. S. Poenapa sampoen kantoen sepalih Djawinipoen? Leresipoen rak inggih ihtjar sagedipoen saja saé basa Djawi ing H. I. S., djer poenika basa kita pijambak. Ladjeng malih, seratan Djawi badé kagantos Latijn. Poenika toenggilipoen kèmanawon kalijan sadèrèk ingkang ngroedjoeiki itjalipoen basa Djawi ing H. I. S. Begdja sanget déné H. B. kita, toewin sadèrèk goeroe katah ingkang boten roedjoek. Tjeta wèla-wèla jèn taksih kèmoetan dateng kagoenan kita. Katah sadèrèk goeroe (botensadaja), ingkang sami kegiloed dateng modèl kilènan. Jèn goeroe ingkang minangka penggoela-wentahing bangsa bibrah, lah bangsanipoen kados poenapa? Lah inggih bosah-basih ta noen! Jèn goeroe lampahipoen noemboek-noemboek, poen moerid inggih noendjang-noendjang. Jèn poen goeroe kesoepean dateng basanipoen pijambak, ateges mbibrah dateng basa lan bangsanipoen pijambak. Mangka sadèrèk goeroe koela atoeiri ndjimet tindak pendjenengan, poendi ingkang lepat dipoenleresaken.

Katah sadèrèk Indonesia jèn ngendikaa sami mawi basa kilènan inggih poenika basa Belanda. Wonten ing sepoer, pesamoean, pakempalan, margi-margi inggih mawi basa Belanda: Boten kètang basa Djawi, Belanda, Melajoe katjam-poer dados setoenggal, ateges senédjong godog. Poenapa ta pikantoeipoen poenika? Inggih namoeng badé ngrisak basa Djawi tok-tok! Poenapa sampoen boten gineman

tjara Djawi? Eman sanget déné sadèrèk Katholik teka inggih katah ingkang niroe mekatan poenika. Poenika boten goroh sadèrèk, poen panjerat sampoen djadjah, kok! Tandané apa? Moendoet poenapa? Inggih ta sadèrèk! Nanging ingkang kesrèmpèt sampoen ladjeng roentik! Wonten pakempalan kita, poenika awoedjoed sadèrèk warni-warni, wonten ingkang wasis tjara Welandi, wonten ingkang mogol, lan wonten ingkang boten. Lo poenika Sang winasis-winasis poenika poenapa inggih sampoen boten nggali dateg sadèrèk ingkang katjoepetan ing kawroeh oetawi mogol waoe; déné-déné anggènipoen ngendikan lan sadèrèk sanèsipoen teka ngetjewis mawi basa Welandi. Bok inggih émoet ta sadèrèk!! Jèn kamanah lebet, poenika ateges ngétjé-étjé oetawi ngina, njepèlèkaken dateng si bodo lan si mogol. Poenapa sang winasis waoe sampoen boten mbetahaken dateng pak tjoebloek lan pak bodo waoe? Koela pitados bilih mbetahaken. Wong kang loehoer pangkaté, gagah prekosa ija oega mboetoehaké pitoeoengané si pidak pedarakan (bangsa asor)! Saoepami pak mogol lan tjoebloek sami moetoeng, gek badé kados-poendi sadèrèk! Poenapa boten ringkih pakempalan kita? Handak hiju? Lo, maido? Sadèrèk Katholik poenapa sedaja saged tjara Welandi? Njoeuwen priksa, poenapa inggih saged sedaja? Koela kinten boten koela pijambak, inggih katah. Jèn namoeng ik neem, eet, loopt kèmanawon inggih mangertos, nanging basa padintenan harak boten saged oetawi sageda inggih glogap-glagep. Kamangka poenika sepérangan ageng. Pramila poenika moegi ndadosna penggalihanipoen sadèrèk Katholik. Poenika katah pikantoeipoen. Kedjawi ngemong dateng sadèrèk ingkang kekirangan kawroeh Welandi, oegi ngolinakaken gineman mawi basanipoen pijambak, oetawi nggesang dateng gadahanipoen pijambak. Harak mekatan ta rama Redacteur? (Mila makaten! Malah koela jakin sanget: Welandi katah ingkang goemoen soemerep tjang Djawi sami Djawi, ing kalangan Djawi sami gineman tjara Landi. Red. Sw. T.).

Inggih langkoeng lan njerikaken manah lan inggih tjeta wèla-wèla, jèn kekempalan oetawi pepauggihan kantja sami kantja, tjatjahipoen tiga oetawi sekawan, ingkang setoenggal oetawi kalih boten saged (mogol) tjara Welandi, ing ngrikoe ingkang dipoenpanggihi, oetawi dipoenadjak gineman inggih ingkang saged tjara Welandi. Inggih ingkang saged katalar; kaanggep déné tjang, roemasipoen tjangipoen namoeng kalih poenika. Dipoenadjak inggih namoeng seketjap-kalih ketjap. Poenapa kabekta tepangan énggal poenapa margi boten saged tjara Welandi?? Dados jèn mekatan ateges jèn saged tjara Welandi ladjeng nama tjang, saweg kaadjak gineman, jèn boten saged kapoerih dados toenggak. Harak kodjoer ané!! Teka semona dajané basa Welandi. Bisa nglakèkaké bangsa, basa, mitra, kantja. Mengko gek lali karo wong toewall! Sida kewalwat tenan mengko!

Taksih satoenggal langkoeng nggares, kados sinebit raosipoen dateng koeping. Wonten sadèrèk kita ingkang moengel mekatan: „Akoe ki nèk tjara Djawa, ora bisal!” Éééé, nèk ngono wis dadi Landa totok tenan. Hija ateges doedoe Djawa. Apa ja wis soendoel mèga no basané Landa. Apa ija wis olèh acè-Hoofd oetawa Middelbaar? Teku hulpacte baé ja doeroeng! Lo teka semona nèh, olèhè ngétjé. Apa ja ora boetoeh karo pak tjoebloek tenan? Rak inggih nggoemoenaken ta sadèrèk, toer inggih nama kesangeten?? Sanadjan ta sekolah, Europeesche school, tjang poenika anakipoen tjang Djawi, kempal kalijan laré Djawi, jèn dolan inggih kantjanipoen Djawi, neroesaken sekolah inggih angsal didikan

tjara Djawi (basa Djawi) teka ngaken boten saged tjara Djawi. Mr. Dr. Ir., poenika gèné saged tjara Djawi!! Inggih nritjis, boten ngaken boten saged. Ngedalaken serat kabar Djawi lan tinoelis ing aksara Djawi. Eman ping pitoe likoerèwoe jèn taksih wonten ingkang kados mekatan. Idam-idaman kita ngoedi kamardikan, djebel ngitjali barang kita oetawi boten ngaken dateng gegadahan kita pijambak. Wasana landeping pèn koela poenika sampoen ndadosaken sak-seriking penggalih, djer poenika minangka pepemoet, lan moegi paringna samodra pangaksama.

Poen  
TJOEBLOEK  
Redi Sèla.

#### Djarwa-wahaning Pakem.

Sareng koela ningali ringgit ing taman Sw.Tm. no. 17 dd. 24-5-'29 lelampahan BLAKAN-BLAKANAN, ingkang ndalang sadèrèk Dwidjadasastra, wadoeh... anggén koela gemoedjeng kepingkel-pingkel, wenging koela ngantos atos. Amargi: saklangkoeng ramé toer katah loetjipoen.— Nanging kagem para sadèrèk ing sadjawining parochie Solo, bokmanawi namoeng sami mandeg: goemoen, boten ngertosaken, temahan njakiti weteng lan ndjelèhi. Boten ndjelèhi, sadèrèk,.... boten!! Tijang poenika mendet saking pakem SERAT-SEBARAN karanganipoen toewan WOR-SOEH. Hoofdriipoen: D. R. kalijan D. W.

PAKEM SERAT-SEBARAN—koela ingkang kataman, boten perloe ngatoeraken katah-katah, djer toek lan toemindaking prekawis pakem poenika koela „boten lepat” lan „menang” (sampoensineksèn padocak rama G. A., para sepoeh toewin Voorzitter K.W.). Badan koela idep-idep dados koerban!!

Ing sapoenika ingkang badé koela andaraken:

1e. Tandangipoen sad. Dwidjadasastra toewin 2e. wosing orèhanipoen ing Sw. Tm.

TANDANGIPOEN—sad. Dwidjadasastra sadjakipoen kok bikoet-riwoet anggènipoen ngedalaken tenaga badé ngorèk-orèk damel boereking nama.— Nalika wonten madyaning parepatan kèndel nganteng-antengi, sareng doemoegi ing djawi.... bikoet damel serat SEBARAN, riwoet ngedoemi para sadèrèk bakda poenika... pleng.... ngedali ing Sw. Tm.—

È-éé! Katik olèhè ngaja kok temenan; la, wong para sadèrèk inggih sampoen sami tepang kalijan koela lan pandjengeranipoen, kèmanawon kok!! Inggih ding, tjang poenika merdika!! Kalijan malih, moempoen wonten ing djaman keraméan, inggih!— Ning bok inggih ingkang medal margi, dados boten dipoen-gegoedjeng ngakatah!

II. WOSING ORÉAN. Soepados saja tjeta, koela oeroetipoen mekatan:

a. Énggal mangké koela mentas ngradinaken serat sebaran — Wadoeh poetjoeking pènipoen kok landep, inggih! Ning toemapakipoen pating tjèprèt, dados ngredgi kertesipoen pijambak. Tandanipoen: zie PAKEM SERAT SEBARAN!

b. Radi moerang tata tindakipoen wonten ing parepatan K.W.— Tata poendi katimbang kalijan anggènipoen damel SERAT SEBARAN? Poenapa damel kados mekatan poenika boten kados nalika Tjakil mbalang njawoeri dateng satrija ingkang saweg langkoeng; poen Tjakil sarwi oempetan ing groemboel?

c. Menawi roemaos atoe koela dora, kirang nrimahipoen kénging oesoel ngwontenaken débat verg. — Genah dora!! Zie Poetoesan PAKEM SERAT SEBARAN! Lan koela boten badé oesoel,— awit koela ngertos silahing prekawis persoon kalijan vereeniging. Dadas vereeniging kwestie—boten wonten. Réhning namoeng persoonlijke kwestie, koela kedah ngemong, noen!

#### I. TIMBANG MATI NGANTOEK.

Priboemi Noesantara kalebet bangsa Melajoe. Accoord!

Manoet Bintang Batak, Indonesia poenika namoeng poelo-poelo India-Wétan, ingkang kebawah Walandi.

Bintang Batak samar! samaripoen: nama Indonesia saweg anggepok bangsa Melajoe ingkang kebawah praja Nederland; lan idam-idaman badé damel Kradjan Indonesia dados namoeng maksoed ngrebat Noesantara-bawah-Walandi saking Pangerèn-Nederland. Kados makaten poenika, manoe B.B., dèrèng roedjoek kalijan nasionalis sadjatos! Sebab, wonten ing ngrikoe sadèrèk Indonesia ingkang wonten sandjawining bawah Walandi boten toemoet kagapél Mila Keradjaan Indonesia prajogi kagantos Keradjaan Melajoe!! Jèn makaten sadèrèk Indonesia, ingkang kebawah Inggris (Borneo lèr) oetawi Frankrijk (Madagaskar), toemoet kasrambah... É, lha, poenapa kadjengipoen B.B.: toemrap nasionalis sedjati ketanggungan mengsah Pangerèn Walandi tok, ladjeng nanging Inggris oetawi Frankrijk? ... Timbang mati ngantoe, nding, aloewoeng mati oemoek.

#### II. RANDÉ-dit!

Radi gèdèg maos koetipan saking B. T., ingkang martosaken, bilih Redaktoer Fadjar Asia, kadji Salim, tilar dradjading karedaktoeran, margi karanganipoen sapisanan, sinerat sadangoenipoen lelampah dateng Geneve, boten kapatjak ing koranipoen, nanging ing Soera Publiek, koran Tiong Hoa Soerabaja. Sebab? Sebab sad. Salim sampoen kepotangan arta saking Soera Publiek... Kados makaten poenika nggèn koela mastani barang limrah! É, inggih limrah-limrahipoen djagad kita! — Woengsal-wangsoel kadjoeran: keraja-raja anggènipoen sami badé ndjoendjoeng dradjad Inlander, nanging regentjeng-regentjeng ambroek angger ketanggrok arta! Ngandapnginggil kok inggih namoeng ageng ageng, alit alit kèmanawon.— Sampoen kaping pinten kèmanawon wonten prajantoen Djawi kapotjot, margi njalingkoehaken arta? — Sampoen ndedel doemoegi warga Raad Kawoela poenapa, plenjèèèèèè, mendet poersekot kanggé dateng parepatan! Ada-ada woengsal-wangsoel woek tanpa dadi, sebab... arta klabandanganaké déning ingkang tinanggènah njepeng, kapitados ngrimat lan ngindakaken!

Prakawis étang-étang (theorie) katah sampoen, ingkang saged babag kalijan sad. Éropahan. Genah ngantos sami kaadjak damel begrooting sa-India makaten, kok! Ning praktik njepeng arta?... Tebih! Tandanipoen: nama, dradjad, praja, wirang-isin, dalasan pangertos laroet, angger kénging sesaki „Randé-dit”.

Poenapa margi kirang koepija, kirang kasagedan, kirang inggil pasinaonipoen? Boten; namoeng margi kirang antepan, kirang kategoehan, kirang panggah! Woesana? Woesana inggih kirang gregetipoen dateng koewadajiban (plichtbesef)! Woesana? Woesana ngènak sarak, nggampilaken tanggulan (verantwoordelijkheidsgevoel). Woesana? Woesana ngandap-nginggil sanggaroengi, menawi badé memasrahi. Woesana? Woesana kawroehipoen boten migoenani dateng badanipoen pijambak, boten migoenani dateng bangsanipoen! Woesana? Woesana, sabèn dinten tjatjahing „piring” mindak, nanging wijaring sabin saja soeda...

Sadaja margi poenapa? Margi kita kirang antepan!

Antepan, kategoehan, rèhné kita namoeng sekedik betanipoen saking kaki-nini, mila kedah tikel-tekoek

anggén kita sami nggegoekang. Ning djar mekatan poenika angèl; mokal! inggih boten, ning angèl! Badé njobi, soepados saged noeladani dateng poetra-wajah? inggih? Prajogi! Koe-la poersetèl: sampoen naté njoe woen poersekot. Één. Twee: sawoelan-woelanipoen boten ngedalaken arta langkoeng saking blandja. „Nijat ra loemrah wong, ané!” Lha poenapa adrih koendoer, sebab sampoen dipoentensi Tjina tèk-an poenika langkoeng limraaaaah?? — Djempol kekendelan, sampoen gadah! Djempol politik sampoen pating djredoel! Djempol wani ka-Digoelaken, sampoen pating glidhah! Djempol sagah dados G. G. oetawi Présidèn doegi-doegi boten sekedik! Nanging djempol tjalon Minister van Financien, semoenipoen dèrèng lair!

#### III. SEPISAN ENGGAS PING GANGSAL POENIKA!

Liboer, pinanggih kantja lami! dalasan anggènipoen ngasak wonten ing kamar tilem, jèn wonten laré sakit, inggih katjarjosaken! Kok nggask! lha tjang anggènipoen ningali potèrè inggih dipoemongaken, ta! Toer dipoentakènan, nggandjret anggènipoen ngoekiri... Banjolané ramé, nanging mandeg sami deleg-deleg! — Dipoenrésomé (tjekak-pepak): kantjané njolong katès, ana sing wis liwat Tjodé; kantjané konangan nèng kebon, wis ana sing dadi poersiter, metoe H. K. S., djoernalis; kantjané nglebokaké setlikan, wis ana sing nggombal, ana sing dadi mantoen wong soegih... Tjekakipoen: rena-renal Nanging kantja ingkang roemijin kipa-kipa dipoendjak ningali potèrè, djeboel... katah ingkang memelas! Patjangan kalijan sadèrèk toenggil kapitadosan boten éstoe, sebab tjrijosipoen kekatahan tjatjapipoen; djeboel tleniek! dados mantoe mandor!... wonten mesjdjid! — Goemoen koela: jèn kalijan sadèrèk toenggil kapitadosan anggènipoen natjad entèk omèk, koerang golèk; jèn sembaka ngaten! Sareng boten? Botenipoen: poenapa wonten? wingi-wingi ndriendes tapes natjad sadèrèkipoen — saénipoen boten dipoen-gapè — djeboel? djeboel laré ingkang saweg dipoensoeemerepi satlèraman, margi kepatoek wonten ing aloen-aloen, pasar-malam, oetawi ing lataring mitra ingkang saweg dipoentoeweni, dipoentakèkaken, malah rembag teroes dados! Temahan? Koepija wonten: sampoen émah-émah taenan, sémah taksih boeda, anak boeda, badanipoen pijambak sasat boeda! Koepija malih: menawi sadaja-sadaja saé, sémah dadakan boten badé saénipoen! ning sareng wonten roewet-gentjeng, neda pegat; boten dipoensoeekani djalaran pantjèn boten kénging, sémah meksa mberot! Wonten malih: wingi-wingi saé; sareng katilar dateng djaman kalanggengan déning ingkang raka, nglenjem kèmanawon dipoenpendet tjang agami sanès!! Koela jakin: sémah bledjogan mila katah ingkang peng-pengan, malah terkadang nglangoengi ingkang Katholik sampoen alit mila! dalasan doemoeging katjitrakan pisan! Soekoer alchamdoelilah! Nanging lepatipoen, kita rak kalepatan pinten bab, poenika! — Mila kadang koela nèm-nèman, bambang-bambang oetawi lantjoer-lantjoer, kaboeng poetri! sampoen goemampil medal sandjawining kalangan kita. Jèn kepeksa kedah mawi njinaokaken, sampoen namoeng tiga oetawi nem woelan! setaoen poenapa kalih taen. „Ning sing mbajari mas Pramila, pa?” Ééééé, lah wong saé dagem déwé, kok koela kadawoehan mbajari!!!

PRAMILA.

#### PAOENTOENING LARÉ.

##### Sambetipoen Sw. Tm. no. 18.

tegesipoen boten awon kèmanawon, oetawi boten saé kèmanawon. Inggih katingal ingrikoe, dasar wewatekanging laré poenika tebih saking sampoerna. Sanadyan kadjagi kalijan premati, taksih alit kèmanawon laré poenika sampoen asring katingal awonipoen, déné piawon waoe boten saged saking tjang sanès, awit dèrèng saged ningali tjeta, oetawi dèrèng ngretos rembag. Dadas wontenipoen poenika gandèng kalijan kawontenaning dasar. Poenapa inggih kesèd, aras-arasan sinaoe, seneng nganggoer, poenika boten medal saking laré pijambak. Tjopi koela atoeiri maspaosaken laré alit ingkang taksih djabang pisan, ingrikoe badé priksa pepoetjoek oetawi wiwiting kalepatan ingkang medal

saking laré pijambak. Saja saèstoe anggènipoen ngemataken, saja tjeta. Oepami: laré badan waras-wiris, ananging neda dipoenemban, tandanipoen dipoensèlèhaken sakedap kèmanawon wiwit nangis. Samangsa kraos semèlèh noenten nangis, oeger kabopong panangisipoen kèndel sanalika. Inggih mekatan poenika kénging koela wastani laré sampoen gadah widji ngétja-étja ingkang dadosipoen nenoentoen dateng kesèd.

Katah-katahing tjang boten poeroen njoeemerepi piawoning anakipoen. Inggih dipoentingali namoeng saénipoen, kapinteranipoen, oetawi anggènipoen merak-ati. Terkadang polatanipoen, èsemipoen, goedjengipoen, kedaling witjara Déné wontenipoen ingkang awon-awon prassat boten dipoenggep. Menawi kelampahan laré dipoen-oengel-oengelaken gadah tindak

makaten-makaten, manahipoen mainben, malah wangsoelanipoen: „Dadi anakoe ikoe, doewé patrap kaja mengkono, wis ora”. Kados-poendi bijoeng ingkang mekatan waoe, sagedipoen soemerep tjatjad-tjatjapipoen laré, soepados ladjeng dipoenleresaken, tjang saweg ngakeni menawi larènipoen kadoenoengan tjatjad kèmanawon boten poeroen. Mila inggih leres piawoning laré poenika ingkang kerep ladjeng mrambat dateng tjang sepoeh. Tegesipoen, menawi laré angsal nama awon, tjang sepoeh inggih kaélòk-élòkaken. Mila wonten ingkang poeroen ganggep dateng pitados oetawi kalepataning anak. Tindak kados mekatan poenika temtoe kèmanawon boten saé babar pisan.

Para sadèrèk sami priksa, menawi laré poenika kadoenoengan pikadjenan mardika. Inggih poenika awon lan saénig dadosipoen, poe-

nika saged goemantoeng wonten laré pijambak, oetawi wonten lepat-ing panggoela-wentahipoen. Namoeng kèmanawon, ingkang mekatan waoe asring sami boten dipoen-émoeti. Menawi wonten laré awon kedadosanipoen, terkadang saking lepatipoen pijambak, èwasemanten tjang sepoeh ingkang kelampahan saged oegi sampoen mboedi-daja moerih saénipoen, meksa kapandoman angsal piawon waoe. Mekaten oegi ingatasing moerid kalijan goeroe. Oepami wonten moerid ingkang gadah tindak boten leres, goeroenipoen inggih asring kelèpètan. Terkadang pamoelanganipoen kèmanawon inggih sok toemoet dipoen-élòkoken. Pramila kosok-wangsoelipoen tjang sepoeh inggih ageng manahipoen, menawi anakipoen sami dados, dipoenalambana ing tjang katah. Wonten oegi tjang sepoeh ingkang anakipoen moersal, witjan-

ten manawi sampoen nglampah, koewadajibanipoen dados sepoeh, anakipoen dipoentèdahaken ingkang leres, dipoentoeentoen dateng karahajon, ananging boten sami mitoe-hoe, dados sakatahing kalepatan waoe saking laré pijambak.

Inggih limrah manahipoen tjang sepoeh poenika boten téngan, rintèn daloe laré poenika tansah dipoen-angen-angen, tansah koemantil-kantil wonten ing djedjantoeing. Tijang sepoeh manahipoen ageng oetawi kraos wirang, poenika mawi-mawi kawontenaning anakipoen. Mila piawoning laré asring dipoentoetoepi, kasajanipoen sabèn tjang dipoentjarjosaken.

Katresnan ingkang boten poeroen ngakeni kalepatanipoen anak poenika lepat. Gampil sanget adamel klèntoenipoen tindaking tjang sepoeh. Sinten ingkang mastani bilih tresna poenika awon, ananging manawi

d. Boten wonten benèkipoen poenapa-poenapa, koela roemaos bingah. Anggènipoen tanpa koelè, mila pantjen pandjenengan koela atoeri ngroemaosi pijambak! Lan sèwoe soekoer déné sanipoen bingah. Mila koela bebingah, kok!!

e. Koela djak wawan ginem wonten ing madyaning ngakatah, boten kersa mangsoeli. — Koela boten tapi pangadjak kados poenika, menawi dawoeh kados ing C, njatal!

Mangka koela poenika namoeng boeta soekoen kémawon, kok badé dipoek djak..... Poenapa boten gila djidjik jèn koela..... gaaaa..... oel-gaaaa..... oel? Éwasemanten manawi maton lan perloe, poenika sampoen samestiniipoen. (Ning mengko gèk..... lawong..... kémawon sampoen.....!)

f. Kepetoek kémawon boten kersa nganggoetaken djanganipoen. O, njoewoen pangapoenten, déné koela boten patos pléga. Béndjing kémawon badé koela dobel.

g. Djer senadjan....., andèk poena..... Memelas. Wadjibing manoengsa kedah ngroemaosi mekaten. Boten kènging koeminter, soemoetji lan nebihi G. Pangéran kita.

h. Ingkang koela goemoeni..... doemoegi..... jektos? Anggènipoen boten éstoe poenika, manoei waton pasadèrèkan. (Manawi koela, lol!)

i. Toetoepping goebahan..... doemoegi..... tjoetjog kalijan djedjer pagedonganing Katholiek. — Poenika bagoeoeoes lan mapaan sanget. Ning..... dong..... pring..... ndjomplang!!!

Ingkang poenika moegi kasaringa ingkang saéstoe. \*) Saking Dr. ning dédé Doctor, djeboelané: J. B. S. DIRASOEBRATA.

Memelas. Angèl anggènipoen badé nanggoelang. Poenapa ta ingkang badé perloe katangkis? Teku kados wonten bebaja ageng dateng, ndadak nganggé tinanggoelang oetawi katangkis.

Inggih dédé gègèran, dédé baja-pakwed, sadèrèk; ananging nisahaken tiyang ngagesang. Lo tiyang gesang kémawon kok pados sisah, mbok inggih milih ingkang boten sisah, milih ingkang tata-tentrem, boten wonten aral satoenggal-toeng-gala! Jèn saged makaten prajogi toer mawi sanget. Kados poendi liripoen? Mekaten sadèrèk! Sampoen sataoen langkoeng saéngga dinten poenika koela gadah kantja (Collega) tansah manggih pakèwed.

B. M. „Napa ontèn dlatjang sa-soewèk?” P. „O inggih wonten... soemangga” (Semoenipoen goepoeh, hoeremat, swara oelem).

Noewoen, dongèng poenika taksih wonten toesoipoen. Manawi Pandjenenganipoen Rama Redacteur marèngaken, sanès wèkdal koela toesoaken. Nanging kadjawi ndongèng koela kepéngin njoewoen pirsan ing ngarsanipoen Rama Redacteur\*) oetawi para sadèrèk. I Poenapa dongèng poenika doemoegi samanten sampoen isi piwoelang? Piwoelang poenapa? Il Oepami pandjenengan ingkang djoemeneng B. M. kados-poendi? Saha oepami pandjenengan mantjala dados P. waoe kados-poendi tradjang pandjenengan? Moegi paringa toelada saé. Wasana sanget matoer sèwoe noewoen.

M. Idimak. R. \*) Pèngel: Réhné rembag sampoen sami segelas, lan sampoen dados persoan tegen persoan, mila saladjengipoen karembag sandjawining Sw. Tm. kémawon. Red.

ngombe wédang toemoenten dipoendali sekoel sapiring moendjoeng toewin lawoehanipoen 2 piring (1 piring kebak isi lawoehan garingan, satoenggalipoen isi goelè ménda); (± pengaos f 0,75, dados oepami toembas sadaja regi f 0,30 + f 0,75 = f 1,05) X ..... katahipoen tiyang ingkang dateng.

Inggih mëmpér kémawon manawi ladjeng klabakan pados samboetan. Koela boten badé njaroewé tiyang slametan, tiyang poenika sedekah..... sanadjan sadinten slametan pingitoe, waton ingkang gadah niat poenika sembada (saged, katjonggah) boten dados poenapa. Sareng anggènipoen slametan waoe jatra ang-salipoen njamboet-njamboet, poenapa poenika boten kènging kawastanan memelas???? Sajang saudara Indonésia!

Kanggé panoetoepping karangan langkoeng prajogi kita Indonésiers mboetjal padataning kakèk - mojang kita ingkang tembé-wingkingipoen adamel katjinkrangan lan kasang-saran. Harak inggih mekaten ta, kang-mas Redacteur? (Pantjen makaten. Red. Sw. T.)

Satrija Wétanan P. B.

„DONGÈNG”. Dèrèng lami wonten satoenggiling Bandara Mantri poelisi rawoeh ing satoenggiling grija ageng ingkang badé kaséwa kadamel sekolahan vervolg. Ingkang ndèrèkaken B. M. waoe satoenggiling Mas Oepas. Nalika B. M. katingal klébang-klébang rawoeh, pamoeada ingkang pinoedjoe wonten ing grija waoe énggal ngetrapaken iket katjara blangkong, djas bikak adasi pepak, wironing bebed katata, slof gilap boten kantoen. Ladjeng metoekaken ingkang saweg rawoeh, pratanda tjaos hoeremat. Bandara Mantri ngandika dateng pamoeada: „Akoé arep mriksa bekakas sekolahan, apa wis teka?”

Pamoeda: „Wis, Wingi akoe sing nampa. Iki apa tjatetané”. B. M. „Apa wis tjoetjog kabèk?” P. „Ija oewis tjoba ta tjoetjogna manèh!”

B.M. „Iki médja seméné... ija tjoetjog, bangkoe... tjoetjog, blabag loro... tjoetjog, tjantolan toedoeng... tjoetjog, lemari... tjoetjog... enz. Lah èngsèl loro doeroeng ana!”

P. „Pantjen ora ana èngsèl, jèn èzèl ana. Lah iki ora séndéan blabag” (Sampoen watawis ragi katah anggènipoen sami ngandikan tjara Djawa-Dipa of Ngoko makaten, B. M. ladjeng nganggé basa Madjira).

B. M. „Napa ontèn dlatjang sa-soewèk?” P. „O inggih wonten... soemangga” (Semoenipoen goepoeh, hoeremat, swara oelem).

Noewoen, dongèng poenika taksih wonten toesoipoen. Manawi Pandjenenganipoen Rama Redacteur marèngaken, sanès wèkdal koela toesoaken. Nanging kadjawi ndongèng koela kepéngin njoewoen pirsan ing ngarsanipoen Rama Redacteur\*) oetawi para sadèrèk. I Poenapa dongèng poenika doemoegi samanten sampoen isi piwoelang? Piwoelang poenapa? Il Oepami pandjenengan ingkang djoemeneng B. M. kados-poendi? Saha oepami pandjenengan mantjala dados P. waoe kados-poendi tradjang pandjenengan? Moegi paringa toelada saé. Wasana sanget matoer sèwoe noewoen.

M. Idimak. R.

OERAP-SARI.

KABAR KATHOLIEK. Rama E. Engbers. †

Dinten Senèn, 11 Mei 1929, Rama E. Engbers tinimbalan ing Goesti; kasarekaken wonten pasaréan Moentilan, tjaket Rama Mertens lan Rama van Lith.

Ingkang boten ngadep, boten nggoemoenaken manawi boten mangertos goenging djasanipoen Rama Engbers dateng Missie sa-Indija, langkoeng-langkoeng dateng Missie Djawi.

ipoen namoeng jèn kanti pamrajogi oetawi rembagipoen Rama ingkang nembé séda. Poenika ingkang sepiasan. Kaping kalih:

Prakawis kalilan-botenipoen laré Djawi dados Imam, poenika boting-rembag wonten ingkang nanggèl. Lan tanggèlan saja ageng, djer ingkang kasawoengaken laré Katholiek, boten kelahiran Katholiek. Mangka kanggé bangsa sanès, ratjak-ratjak ingkang kènging dados Imam namoeng laré kelairan Katholiek, kalih oetawi tigang toeroenan. Mila kita jakin, toehoe awrat tetanggèlanipoen Pengagenging Missie nalika njawoengaken laré Djawi dateng ka-Imaman. Nanging Rama Engbers boten adirih pakèwed, lan ageng pitadosipoen dateng wewatekan Djawi, mila samangké kelampah Missie Djawi gadah Imam Djawi. Inggih poenika djalaranipoen koela boten sangga-roenggi njedahi kadang koela Katholiek, njembah-jaugaken Rama ingkang nembé séda, sareng lan anggèn kita sami njembahjaugaken Rama kekalih, djer tiga poenika leresipoen boten kènging kapisah. Mila laras sanget Rama Rector van Baal, anggènipoen njarekaken Rama Engbers tjaket Rama Mertens lan Rama van Lith.

Pastoer E. Engbers mijosipoen ing Oldenzaal, 11 Djoeli 1862, loemebet panti-panjobèn (Noviciaat) 26 September 1881, rawoeh ing Indija 4 Oct. 1896, séda 11 Mei 1929. R. I. P.

KABAR OEMOEM. INDONESIAH.

Sad. A. J. S. Soerakarta ngabaraken:

Ile. Normaalleergang.

Kados ing poendi-poendi wonten Normaall-leergang, ing Solo oegi wonten; jasan P. G. B. lan P. G. H. B. dipoenleideri sad. A. Widya Karjasa. Gegajoetan lan poenika, koela njoewoen priksa lan angsal katrangan saking salah satoenggiling warga-Comité Ile. Normaalleergang, ± kados ngandap poenika: Ie. N. L. wonten moerid 40, i.p. goeroe-goeroe Goepmènan ingkang wonten nglebet kita; déné sad. goeroe ndjawi kita lan goeroe pamoeangan partikelir boten saged toemoet ing Ie. leergang, mila ladjeng dipoenwonteni Ile. leergang; oegi katoentoen ing sadèrèk A.W. Karjasa; nanging memelas sanget déné saweg oemoer saminggoe, ladjeng wonten dawoeh saking Inspectie Ve. ressort dd. 17 Decemeber no. 12499/10 manawi: Ile. leergang kabibaraken; nalika samanten Ile. lg. wonten moeridipoen 37.

Sadèrèk 37 waoe ladjeng damel Comité, soepados jasa N. L. srana pados Leider: goeroe; njoewoen idi lan Inspectie soepados kapareng kaedegan malih. Warga Comité waoe kadadosan saking Hr. Djawawarsita, Hr. J. B. Djajaoetama, Hr. Soekirman I. Hr. Soekirna lan Hr. Wignjasoesastra. Comité ladjeng ngetog karosan, toemandang, njoewoen pamrajogi dateng leider lami, kaprajogèkaken pados leider, ingkang katoeding Hr. Soetapa H.K.S., Hr. Soemidi Hadisasmita H. K. S., Hr. Hadisoetirta H. K. S., Hr. R. Soemadisastra K.S. lan Hr. Marta-soewignja K.S. Comité njoewoen rembag lan sad. Hadisasmitan, pandjenenganipoen mrajogèkaken sampoen noeding persoon-persoon poenika, djer sadjak sampoen kawratan padamelan. Comité dateng A. W. Karjasan malih, njrijosaken angsal-angsalanipoen; pamrajoginipoen sad. Karjasan, prakawis poenika prajogi ngajoma dateng Pastoer; déné jèn boten sagah; Comité kapoerih odènsi malih, njoewoen wontenipoen Ile. leergang malih, jèn kepareng, sad. A. W. Karjasan sagah nglèideri, sanadjan nalika samanten pandjenenganipoen dong gerah. Comité gadah pamanggih, badé neda pitoeloengan dateng pakempalan M. D., nanging boten kaprajogèkaken, djer pak: M. D. kekirangan baow; dateng P.G.B., P.G.B. boten sagah; ladjeng dateng Beheerder Standaardschool Katholiek afdeeling Solo, amargi sampoen kekatahan padamelan boten sagah, namoeng sagah oeroen goeroe. Comité njoewoen pitoeloengan dateng Beheerder R. K. Mulo; p. Rama Pastoer H. Koch S. J. Poetoesanipoen Rama H. Koch sagah mitoeoengi, samanten waoe jèn moerid-moerid anggènipoen sinaoe kanti sregep sajektos, lan badé katjobi roemijin; jèn saé toemindakipoen, toeroes; déné jèn ngoetjwani, (kesèd) kabibaraken. Moerid-moerid sagah. Rama H. Koch, maringi leider i.p. Broeder T. P. Canders; Hoofd der school R. K. H. I. S. Poerbaraan.

Tanggal 18 Februari 1929 Comité odènsi, njoewoen idin, kapareng ngedegaken Ile. Normaall-leergang. Poetoesan ing Inspectie, djanggalan. Inspectie, boten kawratan, paring palilah wontenipoen Ile. leergang, sok oegi moerid-moerid boten ngotjwani, sregep sekolahan lan boten nglirwakaken padamelan sekolahan. Comité kadawoehan nodi dateng leider lan goeroe-goeroe poenapa sagah sa-jektos nindakaken padamelan waoe. Leider lan para goeroe sagah, njajosi serat dateng Inspectie, tanda kasagahan.

Tanggal 5 Maart 1929 Comité nampi panglamaran moerid 27 srana serat, serat waoe ladjeng kakintoenaken dateng Inspectie Ve. ressort sarana expres bestelling.

Tanggal 11 April 1929 leider tampi idinan lan tampi moerid 27, mawi katrangaken kènging madeg wiwit tg. 1 April 1929.

Tanggal 1 Mei, Cursus waoe saweg kawiwitan, margi katah alangan. Wiwit woelangan kedjawi wonten moerid 27 (ingkang sampoen kaidinan) wonten malih ingkang toemoet mirengaken 20. Goeroe wonten 12 ingkang Katholiek 9, sadèrèk ndjawi 3 i.p.

Hr. M. R. Martawihardja ngasta bs. Djawi K. S. Hr. G. Sastrasodarma ngasta bs. Mladjeng N. S. Hr. Martasoeahardja ngasta bs. Walandi K. S. Hr. Hadisoetirta ngasta Babad H. K. S. Hr. Poerwaatmadja

1. Regentenconferentie.

Kala tanggal 21 Mei, Ingkang Witjaksana saraséhan kalijan para Boepati Djawi Tengah, wonten Salatiga.

Manoet verslag ing serat kabàr, ingkang andatengi waoe, Boepati Djawi Tengah 24; Goepnoer Djawi Tengah toewan P. J. Gulik; w. d. Adviseur Inlandsche Zaken toewan Ch. O. van der Plas; toewin para Resident 11 tjatjahipoen.

Toemrap Djawi Tengah, dinten waoe pantes sanget pinèngetan.

Para maos! Djengandika sampoen sami pirsan, saplok Ingkang Witjaksana sapoenika djoemeneng toewangganing pradja Indija, siliring swasana ingkang nglimpoeti djagad Indonésia, ladjeng éwah. Ingkang dados idam-idamanipoen: moemoelih piandeling kawoela.

Idam-idaman makaten waoe, angantawisi: Ingkang Witjaksana kagoengan panganggep bilih piandeliipoen kawoela ngriki dateng Kangdjeng Pamaréntah, tipis! Kawoela kalijan goestiniipoen, reng-gang!

Kasagahan moemoelih piandeling kawoela, sanget tinangsoelan kentjeng déning para kawoela sanegari. Sarta, Ingkang Witjaksana inggih boten nama tjidra, sanadjan taksih katah prakawis-prakawis boten njengaken ingkang kedah kasaèkaken.

Katjarijos, conferentie kalijan para Boepati, poenika inggih kalebet dados wohipoen idam-idaman moemoelih piandeling kawoela. Toedjoenipoen ingkang bakoeh: sageda G. G. lalajanan pijambak (persoonlijk contact) kalijan para Boepati, satemah saged midanget pamang-gihipoen para Regent toemrap prakawis oemoem warni-warni, langkoeng-langkoeng prakawis ingkang magepokan kalijan papréntahan.

Ada-ada makaten waoe pantes sanget kaalembanal Sarta, badé saged andajani saé dateng sakalih-kalihipoen.

Namoeng kémawon, pangadjeng-adjeng koela sampoen ngantos ladjeng dados noen-inggih-conferentie! Sampoen ngantos, wonten conferentie ngrikoer para Boepati waoe namoeng aksara inggih. Awit, manawi makaten, saraséhan waoe sasat tanpa wonten goenanipoen.

Anggèn koela matoer makaten, margi koepijanipoen sampoen katah: para prijantoen Djawi poenika manawi wonten ngadjenging Pangageng, anggadahi saradan boten wani mahjakaken poenapa ingkang dados gémbolaning manah! Wontenipoen namoeng sarwa „inggih!” Manawi mabeni koewatos kasikoe!

Para Boepati! Awrat sanget tetanggèlan pandjenengan wonten ing donja lan wonten kèratipoen! Pandjenengan toemoet mikoel wawrating djagad Indonésia. Para kawoela inggih sami nenga pandjenengan!

Mila, saradan „wedi nèk kesikoe” waoe, sampoen ngantos doemoenong wonten pandjenengan! Sampoen ngantos „Regentenconferentie” waoe, pandjenengan malihaken asipat „noen-inggih-conferentie!”

2. K. Wybrands tilar donja.

Kala tanggal 27 Mei, pandjenenganipoen Directeur-Hoofdredacteur s.k. Het Nieuws toewan K.

Wybrands tilar donja, margi katjilakan noempak montor, wonten satjelakipoen Soemedang. Margi goemloewèhipoen soepir (ngantok), montor ingkang dipoentoempi noemboek tèmboek, .... K. Wybrands dawah kaplesat saking montor! Soepiripoen klenger! Wybrands ladjeng noempak taxi dateng hotel Soemedang, toeroes dateng hotel Homann ing Bandoeng. Wonten ngrikoer, mlebet grija sakit, dipoen-operatie, .... tilar donja!

Wiwit dawah doemoegi dipoen-operatie, K. Wybrands taksih kèngentan, malah nakèkaken serat-kabariipoen barang!...

Pedjahipoen K. Wybrands saéstoe angontragaken manahipoen para ingkang tresna sarta ngaosi pijambakipoen!

Kosok-wangsoelipoen, toemrap para pangandjoer toewin pers Indonésia, ing batos temtoe keplok bokong. Awit, K. Wybrands poenika dipoenmisoeoeraken sengitsanget kalijan tiyang siti; geting sanget kalijan Inlandsche beweging.

Dados, pedjahipoen K. W. toemrap pergerakan kebangsaan ateges ijjal klilipipoen satoenggil. Éwadéné serat-serat kabar ngriki ratjak sami béla soengkawa. Inggih boten maben, awit:

K. Wybrands saéstoe toetoeing-goeling journalist! Sanadjan journalist tiyang siti katah sarget ingkang seneng mentjoetji maki K. W., éwadéné saking panjawang koela sasat dèrèng wonten ingkang saged mapaki pijambakipoen! Mangka namoeng wedalan pamoeangan andap limrah kémawon! Saking mardoediniipoen, ngantos wonten salebeting kalangan journalistiek sanget koentjara! Pangageng-pangageng sami éring!

Karang-karanganipoen K. W. sanget dipoen-gatosaken! Rembagipoen maton! Pènipoen lantjip; temboengipoen pedes, pandes, anggeget manah!

Wybrands, tékadipoen kentjeng! Saking kentjengipoen ngantos saged andjoendjoeng inggil daradjang sarira pribadi! Saking tokidipoen, ngantos loehoer martabatipoen! — Wybrands anggènipoen dados journalist sampoen tigang dasa taoen toer gregetipoen adjeg kémawon! Malah sakedap engkas pantjenipoen badé dipoenretja!

Wybrands, boten ngertos sajah! Sanadjan sampoen oemoer 66 taoen, karempoen njamboet-damel boten éwah gingsir! Ngantos badé doemoegi nandjaking arwahipoen, taksih kèngentan toeroes dateng kawadjaban! Soemerep prakawis poenika, sabèn tiyang kedah roemaos isin, déné gampil temen anggènipoen sambat: „sajah! andjalok ngaso!”

Wybrands, pantes sanget sineboet een nestor van een journalist! Tjekak, badé makaten-makaten, pedjahipoen K. W. kalangan journalistiek kèjjalan tetoenggoel!

Badéja makaten-makaten, katjasanipoen toewan Wybrands wonten kalangan serat kabar, katah sanget ingkang pantes tinoelad para journalist tiyang siti.

Sw. T. ngatoeraken bélasoengkanwaniipoen! Moegi-moegi rohipoen toewan Wybrands, pikantoeika sih noegrahaning Pangéran!

Pandan Wangi 1 Juni 1929. Taklim: PATJAR MÈRAH.

CORRESPONDENTIE:

Saba-Wana (Widji)—kasabaraken roemijin; Moeda Sabawana—prakawis kados makaten poenika sakèttajipoen kadamel „goejon-pari-kena” (pamaos dateng preek awis ingkang dojan). S. Darmawijata—sabar roemijin; P. B. (Toemoet tombok)—prakawis kadjengipoen, kita genah tèken; nanging toemrap prijantoen Kahtoliek sa-idejengandika, gèk malem Ngaat, poenapa boten makèwedi? Katrangan. No: 404 — arta katampi boten mawi kaka-baraken (sampoem limrahipoen makaten). —Réhné „njamboet” poenika sasaged-saged kedah kasirik, prajoginipoen anggènipoen ngebon mbéndjing menawi sampoen saged bajar kémawon. Dimas P. Brata (S. sari) — koela wissel kagem postzegels; poen entosi sawetawis. Adm. lan Red. matoer noewoen dateng sad. M. S. Marjahardjana paringipoen Sw. Tm. No. 36, th. 6; Sad. M. S. Hardjasoepraba katoeran goenging panoeuwen paringipoen Sw. Tm. no. 18, th. 5 lan Sw. T. no. 1, 2, 36, 45 th. 6. Mangga sinten karsa maringi No. 3 th. 6 lan no. 11, 14, 15, 16, 18, 19, 21 th. 27

ngasta Plantkunde K. S. Hr. Atma-boedaja ngasta Natuurkunde K. S. Hr. R. Bratasiswaja ngasta Étang. N. S. Hr. R. Soemadisastra ngasta Meetkunde K. S. Hr. R. Hardjasoebrata ngasta Élmoe-boemi K. S. Hr. Atmapranata ngasta Opvoedkunde K. S. Hr. Hadisastra ngasta Dier-

Nalika dinten Kemis pon soerja 30 Mei 1929 woelan ingkang kapengker poenika, koela kakalih sami kaparingan momongan djaler kanti wilodjeng katengeran:

MARCUS DARJATNO.  
Atoer taklim koela  
S. SASTROHADIWIDJONO.

---

Ngatoeri priksa, nalika tanggal 4-6 -29 djam 3.30 éndjing, koela sampoen kaparingan momongan medal djaler kanamaken:

BONIFATIUS SOETAJO.  
Saking koela sekalian:  
Mandoer Waterbeheer Padon  
MATTH. SASTRODIARDJO.

PAKOLEH TOER LOEWESAN  
SAÉ TOEWIN AWÉT  
INGGIH NAMOENG  
MERK GAZELLE  
INGKANG AWOEDJOED  
ALCYON  
DUNLOP } RIJWIELEN  
R. I. W.

Nitjil kénging! - Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG  
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

**KALAU BELI OBAT - OBAT**

DJOKJA DJOKJA  
Malioboro „RATHKAMP” Malioboro  
Djokja „RATHKAMP” Djokja

mémang tiada maoe pakai per-tjoema, melainkan boeat djaga keséhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pinter Djangan beli sama sekali.

Obat-obat keloearan roemah<sup>2</sup> obat soedah terkenal berapa banjak poeloehan taboen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

tanggong beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP” dan „ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

**TOKO H. SPIEGEL** MALIOBORO 17  
DJOKJA.

MAGAZIJN VAN  
LUXE- en HUISHOUDELIJKE  
ARTIKELLEN  
KINDERWAGENS - SPORTKARREN  
KINDERSPEELGOED

THEESERVIEZÈN, 16 deelg . . . . . f 5,75  
GASOLINE - LAMPEN. . . . . f 12,50

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.  
Adres jang moerah  
DJOKJA BANDOENG  
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja  
SWARA TAMA,  
dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

**AN NI EM**

**Alles Electricisch!**

Verlichting  
Kracht  
Verwarming  
Ventilatie  
Licht-reclames

**PERSATOEAN „DAGANG” POETERA INDONESIA.**

Anggoer obat „SERRAVALLOS” per botol harga . . . . . f 3,50  
peti isi 24 botol harga . . . . . f 75.-  
(kalau beli 3 sampik 5 peti korting 15%, 6 sampik 10 peti korting 25%).

Tjokak bibit boeat makanan á botol 250 gram per peti isi 50 botol harga f 7,50  
á „ 1000 á „ 24 f 15.-

„ boeat Rubber-onderneming atau lain-lain á botol 20 Liter harga f 35.-  
Ketjap Njaman per losin botol bier tengahan moelai harga f 1,80 sampai f 18.-  
per blik menjak tanah isi penoeh „ f 4,50 sampai f 45.-

Aromatische Mondpillen per fl. kira 60 gilding poetih perak per 100 fl. harga f . . . . .  
Mondtabletten „SEN SEN” per pak f 0,10 per doos isi 120 pak f 9,60

Menjan moelai harga f 40.- per peti sampik f 200.- per peti kira berat 65 gram.  
Rokok daon aren, Sigaret, rokok klobot, kretek sigaret dan roepa-roepa sroetoe djempolan harga moerah barang baroe en baik, pesen kirim oewang atawa rembours.  
Brambang timoer, Brambang biasa No. 1 No. 2. Bawang poetih, kofie bidjie, kofie boeboek dalem kaleng menjak tanah á 20 kati ada No. 1 No. 2 No. 3 dan 4.  
Goela pasir merah, poetih, batoe. Thee Java, goela aren, padi boeloe, gabah tjere, beras, kedelece poetih, item, katjang idjo, tepoeng katjang idjo, tepoeng casave, Ajie, djoga beli roepa-roepa botol kosong bekas bier jang ketjil atawa lain botol jang samanja botol bier, lebih soekai pantij jang besar.  
Djoga beli banjak botol - botol tjokak dari 250 gram sama 1000 gram, botol aer-blanda atawa Limonade atawa botol jang samanja itoe djoga.

Vertegenwoordiger Vertegenwoordiger Vertegenwoordiger  
Singapore: di Sumatra: Borneo:  
Messis „BUMIPUTRA” A. DJASARIDIN INL. AMBT. BOND BA-  
Company Drukk. „Tapaianaoli” RABEI dan koetische  
14 Prinsep Street. SIBOLGA. Saroeng Weverij, Samarinda.

**IMPORTEURS & EXPORTEURS di JAVA**  
SASTRAMIHARDJA  
Padjagalanweg 67  
BANDOENG.

N.B. Lengganan jang setia pembajaran tempo dalem tiga boelan mesti stor oewang.

**DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.**

Ambarawa 6.30 - 8.30	Lamah 5.30 - 6 - 8.	Pekalongan <sup>3)</sup> 7.30	Soerabaja:
Amboina 7.30	Lawang <sup>3)</sup> 7.	Pemalang <sup>3)</sup> 7.30	Kepandjèn 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api 7.30	Madioen 6 - 7.30	Pemangkat 8.30	Anita Boul. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng 6 - 7.30 - 9.	Magelang 7 - 9.	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6 - 7 - 8.30.
Benkoelen 7.30 - 9.	Makassar 6 - 7.30	Poerwodjerdjo 7 - 8.30	Tandjoeng Balai 7.30
Blitar 7.30	Malang 6 - 7.15 - 8.30	Pontianak 7 - 8.30	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6 - 8.	Manado 6 - 7.30	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30
Cheribon 7.30	Medan 6.30 - 8 - 8.30	Salatiga 7.30	Tara - Tara 7.30
Djember 7.30	Medari <sup>3)</sup> 7.30	Sambas 6 - 8.30	Tegal 7.30 - 9.30
Djokja:	Messter Corn. 7 - 9.	Sambong 8.	Tering 7.
Kampementstraat Eur. 7 - 9.	Jav. 6 - 8.	Sawah Loento 7 - 8.30	Tjilatjap <sup>3)</sup> 7.30
Kota Baroe 6 - 7.30	Mendoet 6 - 7.30	Sedajoe 7.	Tjimahi 6 - 8.
Djombang <sup>1)</sup> 7.30	Modjokerto 6 - 8.	Sedjiram 5.45 - 8.30	Tomohon 7 - 8 - 9.
Fort de Kock 7.30	Moentilan 5 - 6 - 8.	Semarang: 7 - 9.	Wates <sup>7)</sup> 7.
Gandjoeran <sup>2)</sup> 7.	Muntok 8.	Gedangan 6.30 - 8.	Weltevreden:
Gombong <sup>3)</sup> 7.30	Ngawi <sup>7)</sup> 7.30	Bangkong 6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
Keboemèn <sup>4)</sup> 7.30	Padang 7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi 7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
Kediri 7.30	Padang Pandjang 7.30	Randoesari 7.	Wonosobo <sup>8)</sup> 7.30
Klatèn 7.30	Pajakoeombo 7.30	Singkawang 6.30 - 9.	Woloan 8.30
Koeta Radja 6.30 - 8.	Palembang 7 - 9.	Soekaboemi 6 - 7.30.	

<sup>1)</sup> 1e. Achad. <sup>2)</sup> 1e. + 3e. Achad. <sup>3)</sup> 2e. Achad. <sup>4)</sup> 1e. Achad tiap<sup>2</sup> doea boelan. <sup>5)</sup> 1e., 2e., 4e. Achad. <sup>6)</sup> 2e., 4e. Achad. <sup>7)</sup> 3e. Achad. <sup>8)</sup> 4e. Achad.

kunde (Goeroe Ardjoenaschool Singosari). Hr. R. Rachmad ngasta nggambar (K.S.) ngasta ing Goenting. ± 10 pal saking Solo.

Leergang waoe manggèn ing R.K. H.I.S. Poerbajan wiwit djam 7 doemoegi 9/4 mawi ngaso 1/4 djam, lan saminggoe sapisan tjalon dipoen wewahi 1 djam sapisan, kanggé njekar ageng, goeroenipoen angsal saking goeroe njekar ageng ing Koesoema-jodan.

Kabetahan ingkang kanggé moelang l.s.p. kasanggih ing para moerid; nanging prakawis leermidelen ngelmoe alam, angsal pitoeloengan saking R.K. Mulo.

Dinten senèn tg. 20 Mei tampi dawoeh saking inspectie ten Iie. leergang namoeng kénging nampi moerid 30 lan tijang sanès ingkang namoeng badé mirengaken boten kalilan nangani kedjawi sad. 3 ingkang kapareng toeroes, sampoen kamtokaken ing Inspectie i. p. sad. Goepermèn 2. Moehamadidjah 1.

Comité jasa Normaale Leergang sampoen rampoeng padamelanipoen, ladjeng lèrèh; nanging ndapoek Comité malih ingkang ngrembag betahing sinaoe. Tanggal 31 Mei pilihan.

Hr. R. Kardjana.  
Hr. M. Sarman.  
Hr. Salim.  
Hr. T. B. B. Djajaoetama.  
Hr. Soekirman I.  
Moegi? widadaa!  
Kangdjeng Goepermèn kersa ngad-jengaken volk; sarana ingkang tjespleng medal onderwijs; onderwijs perloe goeroe ingkang njekapi kasagedanipoen.

**Pantes tinoelad.**

Leksono. Sad. L. J. Mar-tha njerat:  
Ing salebetipoen woelan April taoen 1929 kapengker, pandjenenganipoen bendara Wedana Leksono nim-

balli para prijantoen ing reh distrik kaseboet (ing kang kebawah kawedanan). Kinten-kinten djam 10 sampoen pepakan; pendjenenganipoen bendara Wedana ngendikakaken poenapa ingkang dados osiking galihipoen; menggah ingkang dados osiking penggalih waoe: saepami para prijantoen sakawedanan sami damel pakempalan piroekoenan poenapa inggih ndadosaken tjondonging penggalih. Pakempalan ingkang dipoenngendikakaken waoe piroekoenan Coöperatie; anamoeng para maos sampoen kelintoe, Coöperatie ing ngriki dédè sedjatosing Coöperatie, namoeng ngémba-émba. Coöperatie ing ngriki namoeng woedjoed piroekoenaning para prijantoen sakawedanan. Piroekoenan toembas kabethan oemoem (wingking ingkang katah). Kanggénipoen Leksono senadjan kawedanan jèn pados kabethan rekaos sanget, toko namoeng tiga toer boten pepak, reginipoen barang ing toko awis sanget. Jèn dateng Wanasaba tebih, wragad inggih badé mindak katah. Saepami piroekoenan waoe kedadosan inggih katah sanget goenanipoen. Kapisan: Njoepeketakan sasedèrèkan. Kaping kalih: Regining kabethan wingking saged miring (angsal kamirahan), djalaran anggènipoen toembas katah sanget. Kaping tiga: nipoen: Badé njingkir ngebon; awit ngebon poenika reginipoen temtoe awis lan ladjeng moeroegaken goemampil.

Sareng sadaja sampoen dipoen-djilènrèhaken pendjenenganipoen bendara Wedana, sadaja prijantoen sami saroedjoek sanget wontenipoen ada-ada poenika; lan inggih roemaos menggah rekaosipoen jèn blandja kabethan wingking. Sarèhning sampoen sami roedjoek sadaja, piroekoenan saèstoe badé kaedegaken. Namoeng sarèhning poenika woedjoed pakempalan, dados inggih

damel (milih) bestuur poenapa, ingkang ngoeras-ngoeroes kabethaning pakempalan waoe. Milih voorzitter, secretaris, penningmeester, commissaris. Pakempalan waoe dipoennamani: „Mardi Joewono,” Mardi = ngoedi; Joewono = slamet. Dados maksoedipoen ngoedi dateng kaslametan. Adegipoen pakempalan M. J. (Mardi Joewono) sarana njadèni andil (lid kedah toembas andil). Saben lid kedah gadah andil (toembas) 4 idji á f2,50 (saringgit). Pembajaripoen andil sapisan f2,50 (saringgit), sanèsipoen kénging kajitjil saban á f0,50 (setengah)ngantos sapoendatipoen andil 4 idji waoe (f 10). Jèn para lid badé mbajar kropjok 4 ringgit inggih langkoeng prajogi, lan saban woelanipoen, samangsa sampoen gadah simpenan andil 4, badé dipoenwewahi inggih kénging ngiras sinaoe njèlèngi, lan ngagengaken kasing pakempalan.

Pedamelanipoen bestuur noembasaken kabethanipoen para lid sadaja (Lisah, oewos, rokok, saboen, gendis, thee, kopi). Soepados boten kawraton, poen bestuur sadèrèngipoen sampoen pados lengganan ingkang mesti, temtoe kémawon pados ingkang mirah reginipoen. Lan poen bestuur njagahi noembasaken poenapa ingkang dados betahing lid, namoeng lid kedah mbajar sepinten reginipoen manoen pakempalan (regi toko wewah wragadipoen). Para lid saban woelan kedah damel aanvraag barang-barang ingkang badé katoembas, reregèn bestuur ingkang ngisi. Pakempalan inggih ngarah bati sekedik; lan regining barang waoe kadamel sangandaping reregèn ing toko (Leksono).

Prenataning pakempalan:  
1e. Para lid kedah toembas aandeel apesipoen 4 idji á f 2,50 (saringgit).  
2e. Arta kas waoe (aandeel) ing-

kang katjepeng peningmeester katah-katahipoen f 25. (selawé roepijah). Déné tirahanipoen katitipaken ing bank (afdeelingbank), perloe sageda angsal anakan, lan lid ngadjengaken kapitadosanipoen para lid.

3e. Saben taoen bebatènipoen dipoendoem persènan, manoen ageng-aliting arta ingkang wonten aandeel waoe. Jèn toembas aandeel katah arta bebatèn badé katah. Semanten waoe manawi bati.

4e. Jèn wonten lid tilar donja oetawi pindah panggénan samangsamangsa, arta aandeel toemoenten badé dipoen wangsoelaken kawewahan bebatènipoen.

5e. Lid ingkang boten setya badé tampi paekoeman. Jèn saweg sepisan kaping kalih kadenda 25 %-ning aandeel. Djangkep ping tiga kawadalaken. Lan malih lid ingkang neda medal djalaran boten pindah oetawi tilar donja kadenda 25 %.

Manoen poetoesaning vergadering tanggal 19 Mei 1929, ingkang tetep dados bestuur (roemijin taksih voorlooppig).

Pandjenenganipoen bendara Wedana Beschermheer.  
Sadèrèk Karttoatmodjo Voorziter.  
Sadèrèk Dirdjawijata Secretaris.  
„ Ali Iskandar Penningmeester.  
„ Reksodibrotto, Slamet, Paljoeni. Commissaris.

Koela namoeng ndèrèk memoedji sagedipoen piroekoenan Coöperatie M. J. waoe lestantoen soeboer, boten kirang setoenggal poenapa. Moegi ing sanès panggénan oegi wontena ingkang kersa ada-ada mekatan poenika. Lan poenapa boten pantes tinoelad lan inggih nama wadjib, pengageng ngajomi kawoela?? Saepami saban panggénan para pengageng kersa ada-ada mekatan, poenapa boten pantes ingalembana? Soemangga koela atoeri toemandang. Tjak-tjek, tinimbang bati kateda

tijang sanès (Tjina), angoer sageda moerakabi dateng para warga sadaja.

**Kentjong.** Sad. M. Idimak R. ing Kentjong wewartos:  
**Absentie ageng.** Sekolah ing panggénan koela poenika doemoenoeng ing doesoem. Laré-laré gosokanipoen inggih kalijan laré doesoem. Laré-laré ing doesoem waoe semoenipoen inggih taksih katah ingkang dèrèng dojan sekolahan. Dalasan ingkang sampoen sekolah inggih gampil lowokipoen. Langkoeng-langkoeng manawi panèn katah ingkang derep, momong enz. Bakda panèn katah tijang ingkang gadah damel mantoe, katah tontonan enz. Ing tegil rosan katah jatra, terkadang inggih ngagengaken absentie.

Satelasing mangsa ketiga, ngantjik mangsa laboeh, tijang tani wiwit nggarap sabin. Oegi katah moerid moerid ingkang lowok margi poenika. Langkoeng-langkoeng manawi sampoen oesoem tanem. Boten antawis lami sampoen gantos mangsa nengga pantoen, ladjeng panèn malih. Kadjawi sabab-sabab ingkang sampoen kaseboet, taksih wonten margi sakit lan sanès-sanèsipoen.

Kanggènipoen sekolahan Gouvernement saged njoewoen bijantoe golongan poelisi, wangsoel sekolahan kita Particulier kados-poendi?\*) Sinten ingkang kagoengan pamanggih? Menggah rékanipoen goeroe inggih sampoen warni-warni, nanging dèrèng wonten ingkang saged njarasaken sesakit: absentie ageng waoe.

\*) Njoewoen toeloeng B.B. ambtenaren. Poenika sampoen wadjibipoen!! (Toewi moerid, nepangi tijang sepoehipoen, inggih dados sarana), RED.